**दिन–रविवार** **दिनांक–08.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कुआलालमपुर मे मलेशियाक प्रधानमंत्री अनवर इब्राहिमक संग द्विपक्षीय वार्ता कयलनि। एहि बिच रक्षा आओर सुरक्षा संबंध के बढ़ायब आओर आर्थिक आ नवाचार साझा के बढ़ावा देबय पर सहमति बनल। प्रधानंत्री मोदी जनौलनि जे ऊर्जा, अवसंरचना, विनिर्माण आओर डिजिटल अर्थ–व्यवस्थाक क्षेत्र मे दुनू देशक सहयोग बढ़ि रहल अछि। ओ जनौलनि जे आतंकवाद पर भारतक नजरि स्पष्ट अछि। आतंकवाद पर कोनो दोहरा मानदंड नहि भऽ सकैत अछि आओर आतंकवाद सँ कोनो समझौता नहि कयल जयत।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जनौलनि अछि जे पीएम मोदीक अगुआई मे लोक सभक विश्वास बढ़ल अछि आओर विकासक गति तेज भेल अछि। मलेशिया दौरा पर भेल समझौता पर ओ जनौलनि जे भारत शीघ्रहिं विश्वक तेसर आर्थिक महाशक्ति बनयवला अछि। श्री सरावगी जनौलनि जे अखन अमेरिकाक संग जे ट्रेड डील भेल अछि ओहि सँ पीएम मोदीक अगुआई मे विकास आओर विश्वास दुनू बढ़ल अछि।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां जनौलनि जे शिक्षा समाज के सशक्त बनेबाक सभ सँ पैघ माध्यम अछि आओर युवा वर्ग के राष्ट्र निर्माण मे अपन पैघ भूमिका निभेबाक लेल तैयार रहबाक चाहि। ओ किशनगंज मे तौहीद एजुकेशनल ट्रस्ट द्वारा चलाओल जा रहल इमाम बुखारी युनिवर्सिटीक एकतीसम दिक्षांत समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। एहि मौका पर राज्यपाल छात्र–छात्रा सभ के अनुशासन आ समाजिक जिम्मेदारीक संदेश देलनि।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनलाक बाद नितिन नबीन काल्हि दू दिवसीय दौरा पर पटना आबि रहल छथि। भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्षक आगमनक तैयारी पूरा कऽ लेलक अछि। नितिन नबीन पटनाक बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे दस हजार सँ बेसी बुथ स्तरक कार्यकर्ता सभ के संबोधित करताह। ओ अपन विधानसभा क्षेत्र बांकीपुर मे पार्टी कार्यकर्ता आओर आनो–आन लोक सभ सँ भेंटि–घाट करताह। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय जनौलनि अछि जे नितिन नबीन के बिहार अयला सँ कार्यकर्ता सभ मे उत्साह अछि।

————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक कच्ची दरगाह– बिदुपुर छओ लेन गंगा पूल परियोजना निर्माण काज जा कऽ देखलनि। एहिके अप्रैल मास धरि पूरा कऽ लेल जायत। मुख्यमंत्री जनौलनि जे ई प्रोजेक्ट के पूरा भेला सँ पटना आओर उत्तर बिहारक बीच सड़क संपर्क बेसी मजगूत होयत। ओ जनौलनि जे आमस– दरभंगा एक्सप्रेस– वे के कच्ची दरगाह– बिदुपुर पूल परियोजना सँ जोड़ल जायत। एहि सँ मधुबनी, दरभंगा आओर समस्तीपुर दिस सँ आबयवला लोकसभ के बेसी सहुलियत होयत आओर समय सेहो कम लागत।

————————————————————

कृषि विभाग प्रदेश मे चलि रहल फॉर्मर रजिस्ट्री अभियानक तिथि एगारह फरवरी धरि बढ़ा देलक अछि। पहिने ई तिथि छओ फरवरी धरि छल। विभाग प्रधान सचिव नरमदेश्वर लाल जनौलनि जे एहि लेल सभ जिलाधिकारी के जना देल गेल अछि।

————————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ लखीसराय मे आयोजित जनता दरबार मे लोकसभक समस्या के सुनलनि आओर शीघ्रहि निपटारा लेल अधिकारी सभ के जनौलनि। एहि मौका पर श्री सिन्हा जनौलनि जे राज्यक एनडीए सरकार समस्याक त्वरित आओर समय पर समाधान करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

————————————————————

प्रदेश मे ई सालक अंत धरि खसरा–रूबैला रोग के जड़ि सँ समाप्त करबाक लेल राज्यक एक सय दस प्रखंड मे काल्हि सँ तीन चरण मे विशेष टीकाकरण अभियान चलाओल जायत। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे पहिल चरण नओ फरवरी सँ चौदह फरवरी धरि, दोसर चरण नओ मार्च सँ चौदह मार्च धरि आओर तेसर चरण सात अप्रैल सँ तेरह अप्रैल धरि चलाओल जायत।

———————————————————————

प्रदेश मे दाईलक उपजा बढ़ेबाक लेल केन्द्र सरकार करीब चौराने करोड़ टाकाक सहायता देलक अछि। कृषि मंत्री रामकृपाल यादव जनौलनि अछि जे एहि सँ राज्य मे दलहनक खेति के बढ़ावा भेटत आओर किसान सभक आय सेहो बढ़त।

———————————————————————

प्रदेशक मौसम मे उतार–चढ़ाव भऽ रहल अछि। दिन मे रौद उगला सँ मौसम सामान्य भऽ रहल अछि। जखनकि भोर आ सांझ काल ठंढाक असरि बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार राज्य मे पछिया हवाक असरि सँ अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक न्यूनतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि। आइ किशनगंज मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान नओ दशमलव तीन डिग्री सल्सियस रहल।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक फुलपरास पुबरिया टोल लऽग एक सवारी बस के दोसर वाहन सँ भेल टक्कर मे बस सवार कतेको यात्री घायल भऽ गेलाह। लोक सभक मददि सँ घायल सभ के अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

अररिया जिलाक प्लासी थाना क्षेत्र मे भेल झंझट मे मारि–पिटक कारण दू महिला सहित चारि लोक घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

प्रदेशक एक सय एक पशु अस्पताल मे एक्स–रे मशीन लगाओल जायत। एहि लेल राज्य सरकार आठ करोड़ नब्बे लाख अठाईस हजार टाकाक स्वीकृति देलक अछि। एहि सँ पशुक इलाज मे मददि भेटत।

———————————————————————

समाप्त